



## ***E. coli* (*Escherichia coli*)**

### **Kisa *E. coli* ye?**

*E. coli* (abrevyasyon pou *Escherichia coli*) se yon mikwòb (bakteri) ki viv jeneralman nan entesten (trip) moun ak bèt. Gen plizyè kalite *E. coli*. Yo jwenn Pifò *E. coli* yo nan entesten nou (trip) e yo jwe yon wòl enpòtan nan ede kò nou fè dijasyon manje. Toutfw, yon sèten kategori *E. coli* tou piti ka koze dyare ak lòt maladi lè nou vale yo.

### **Kisa ki *E. coli* O157:H7?**

*E. coli* O157:H7 (ki refere tankou *E. coli* O157 oswa senpleman “O157”) se kalite *E. coli* ki pi komen nan Amerik di Nò ki koze maladi e ki responsab pou pifò nan epidemi “*E. coli*” nou wè nan nouvèl. *E. coli* O157:H7 se yon kalite bakteri ki pwodui yon toksin ki rele toksin Shiga (ki denome tankou “Shiga toksin-pwodui” *E. coli*). Toksin pwisan sa ka koze maladi grav lakay moun lè yo vale l.

### **Ki sentòm bakteri *E. coli* O157:H7 genyen?**

Li pran anjeneral 3-4 jou apre w fin vale *E. coli* O157:H7 pou sentòm yo devlope. Sentòm ki pi komen an se dyare (souvan avèk san) souvan kranp grav nan vant, ak vomisman. Kèk moun ka gen lafyèv. Anjeneral sentòm yo disparèt poukont yo apre 5 a 7 jou. Lakay yon ti gwoup moun kalite *E. coli* la ka koze yon pwoblèm ra men ki grav ki rele sendwòm iremik emolitik [hemolytic uremic syndrome (HUS)].

### **Kisa sendwòm emolitik iremik la ye [hemolytic uremic syndrome (HUS)]?**

HUS se yon maladi ki kapab detwi globil wouj yo epi lakoz ren yo pa travay byen. Konplikasyon sa ka rive lakay nenpòt moun, men li komen lakay timoun yo ki anba laj 5 ane. Sentòm yo ka gen ladan fè pipi mwen souvan epi santi w fatige. Pifò moun ki genyen HUS pral refè nan kèk semèn, men gen kèk ladan yo kap soufri domaj pèmanan.

### **Kijan *E. coli* O157:H7 pwopaje?**

*E. coli* O157:H7 pi souvan pwopaje a moun lè yap bwè, manje oswa manje ki kontamine ki pa t byen pasterize, byen lave, oswa byen kwit. Yo jwenn *E. coli* nan trip kèk bèt e li ka rantre nan vyann lan lè yo touye bèt la (pifò vyann bèf moulen ak anbègè). Ou ka jwenn *E. coli* tou nan lèt ki pa pasterize (kri), sidr pòm kri, ak fwomaj ki fèt avèk lèt ki pa pasterize. Legim (enkli leti, epina, ak chou) ka pwopaje *E. coli* si yo manyen pou pou bèt (matyè fekal) pandan yap grandi e si yo pa byen lave.

*E. coli* ki soti nan pou pou (matyè fekal) yon moun ki enfekte ka pwopaje a lòt moun si moun yo pa byen lave men yo avèk savon ak dlo apre yo fin soti nan twalèt, espesyalman si yo prepare manje a annaprè. Kèk moun ka pa gen sentòm men yo ka toujou pwopaje *E. coli*.

Moun yo vin malad tou lè yo bwè dlo nan lak ki kontamine lè yap naje oswa lè yo manyen yon bagay ki kontamine nan yon zou oswa nan lòt egzibisyon bèt.

**KONTINYE**

## Kijan yo dyagnostike *E. coli* O157:H7?

Enfeksyon avèk mikwòb sa kapab dyagnostike sèlman nan fè yon tès echantiyon pou pou (matyè fekal). Se pa yon tès woutin, men doktè w la ka mande pou fè yon tès si yo panse ou genyen *E. coli* O157:H7.

## Kijan yo trete *E. coli* O157:H7?

Pifò moun refè san tretman antibiyotik. Tretman sipò ki gen ladan idratasyon, enpòtan. Pa gen prè ke tretman avèk antibiyotik la ap ede moun yo refè pi vit, men li kapab ogmante risk pou gen sendwòm emolitik iremik (HUS). Yo ta dwe evite pran tou medikaman anti-dyare.

## Kijan mwen kapab prevni enfeksyon *E. coli* O157:H7?

- Lave men w avèk savon ak dlo pou 20 segonn apre w fin soti nan twalèt oswa chanje kouch epi anvan w prepare manje oswa ou manje. Lave men w apre ou fin gen kontak avèk bèt ak nan anviwonman yo (sa ki gen ladan fèm ak zou).
  - Si savon ak dlo pa disponib, sèvi avèk yon dezenfektan ki a baz alkòl pou men.
- Kwit vyann yo byen. Yo ta dwe kwit vyann moulen nan yon tanperati ki mwens pase 160°F (70°C). Vizite [www.bphc.org/foodpoisoning](http://www.bphc.org/foodpoisoning) pou aprann plis.
- Evite lèt kri, pwodui letye ki pa pasterize, ak ji ki pa pasterize (tankou pòm sidr fre).
- Evite bwè dlo pandan wap naje oswa wap jwe nan lak, etan, sous dlo, pisin, ak lakou dèyè, pisin“timoun”.
- Toujou lave men w, kontwa, planch a dekoupe, kiyè, fouchèt, kouto apre yo fin touche manje ki dwe kwit anvan yo manje l epi anvan yo manyen manje ki pare pou manje. Aprann plis nan [www.bphc.org/foodpoisoning](http://www.bphc.org/foodpoisoning).

## Èske gen okenn restriksyon pou moun ki genyen *E. coli* O157:H7?

Wi. Paske *E. coli* O157:H7 se yon maladi ki kapab pwopaje a lòt moun, founisè swen sante yo nan Boston oblije dapre lalwa pou rapòte ka *E. coli* yo O157:H7 bay Komisyon Sante Piblik Boston. Nan fason pou pwoteje travayè piblik yo ki gen *E. coli* O157:H7 ki nan biznis ki gen rapò a manje dwe rete lakay yo jiskaske dyare a pase epi tès laboratwa ak echantiyon pou pou montre ke yo pa genyen mikwòb *E. coli* O157:H7.

Travayè yo ki nan biznis ki gen rapò a manje ki gen dyare e kap viv avèk yon moun ki genyen *E. coli* O157:H7 dwe montre tou ke yo pa genyen *E. coli* nan pou pou yo. Biznis yo ki gen rapò a manje enkli restoran, boutik sandwich, kwizin lopital, makèt, ak izin transfòmasyon manje. Règleman sa enkli tou travayè nan lekòl yo, pwogram rezidansyèl, ak etablisman swen sante ki bay manje, bay swen nan bouch, oswa distribye medikaman a kliyan yo.

